

PWOTOKÒL SOU RAJ

**JERE CHEN AK CHAT KI KA AN KONTAK
AK BÈT K AP VIV NAN LARI OSWA NAN RAK BWA**

Definisyon

1. Izole

- a) Anpeche yon bét ki viv bò kote moun gen kontak dirèk ak moun oswa lòt bét.
- b) Bèt la dwe rete nan yon lokal tankou kote yo kenbe chen, lopital veterinè, etablisman yo gade chen pou vann, oswa lokal karantèn pou bét ki gen apwobasyon Enspektè administrasyon lokal ki apwopriye a; oswa izole I lakay nan kondisyon Enspektè administrasyon lokal la ak Depatman an apwouve.

2. Konfinman ki strik

- a) Yo dwe kenbe bét la lakay nan yon kote li pa ka sove, ki gen mi ki solid e ki kouvri, ki jwenn apwobasyon Enspektè administrasyon lokal la.
- b) Yon adilt ka fè pwomnad ak bét la, men li dwe nan kòd oswa sou sipèvizon dirèk yon adilt.
- c) Yo fè mèt bét la konnen risk ki genyen pou bét la gen raj epi yo ba I enstriksyon alekri.
- d) Mèt bét la dwe fè veterinè a oswa Enspektè bét la konnen tout konpòtman bét la pa abitye genyen oswa chanjman ki vin gen nan sante bét la.

3. Risk akoz toupre – Yo te wè I toupre oswa nan zòn yon bét yo konfime ki gen raj, men I pa t gen okenn kontak fizik ak bét yo konfime ki gen raj la, ni bét la pa t blese I.

4. Karantèn – Yo mete yon bét ki viv bò kot moun nan konfiman pou I pa gen kontak ak moun oswa bét pou obsève bét la pou wè si I bay siy chen ki gen raj ak pou redui chans pou I ta bay moun oswa lòt bét raj. Sa gen ladan I izolasyon ak konfinman ki strik.

5. Siy raj – agresif san rezon, difikilte pou deplase, plizoumwen paralize, gwo gwo depresyon oswa mechan. Siy raj pa parèt sou tout bét menm jan. Gen kèk bét ki gen yon konpòtman agresif alòske gen lòt ki ka parèt malad oswa ki aji dwòl.

6. Pou plis enfòmasyon, kontake Enspektè bét nan vil / zòn ou an.